

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

BS mangrupa salah sahiji karya sastra nu sumberna tina sajarah pamaréntahan Sumedang.

BS diwangun ku manggala sastra, carita inti, jeung panutup. Manggala sastra jeung panutup mangrupa *pedaran* ti pangarang ngeunaan carita nu dikarangna, sedengkeun carita inti mangrupa riwayat para pamingpin Sumedang di jaman baheula.

Dina bagian carita inti, *BS* ngariwayatkeun para pamingpin Sumedang di jaman baheula. Caritana méréle luyu jeung jalma-jalma nu kungsi nyekel pamaréntahanana.. Sok sanajan kitu, henteu sakabéh pamingpin Sumedang dijéntrékeun riwayatna. Para pamingpin Sumedang nu dijéntrékeun riwayatna ngabogaan carita séwang-séwangan luyu jeung kajadianana. Antara pamingpin nu hiji jeung nu lianna ngabogaan carita nu béda-béda.

Téma dina *BS* diwangun ku téma utama jeung téma tambahan. Nu jadi téma utama dina *BS* nya éta bagantina para pamingpin pamaréntahan Sumedang di jaman baheula. Nu jadi téma tambahan dina *BS* nya éta mimiti asupna Islam ka para pamingpin pamaréntahan Sumedang; dilarapkeunana hukum perkawinan numutkeun Islam; bebeneran jeung kaadilan bakal ngéléhkeun kajahatan; jeung persatuan mangrupa hiji kakuatan.

Sacara gembleng galur *BS* mangrupa galur logor lantaran patali antargalur henteu raket. Ku lantaran kitu, aya sababaraha carita saupama dikaluarkeun tina

BS bisa mangrupa carita nu madeg mandiri, saperti carita Geusan Ulun, Dipati Ukur, Asep Jamu, jeung Cilikwidara.

Galur diwangun ku galur jeung subgalur. Subgalur mangrupa bagian tina galur. Subgalur bisa mangrupa pangrojong kana galur, saperti subgalur carita katurunan Pangéran Panembahan. Ieu subgalur téh mangrupa tahap tatahar pikeun asup kana kana galur satuluyna nya éta Asep Jamu. Subgalur bisa ogé mangrupa carita nu madeg mandiri, saperti carita Ki Sayang Hawu nu teu daék deui babakti ka Geusan Ulun.

Para palaku dina *BS* jumlahna kurang leuwih aya 145 urang. Nu jadi palaku utama leuwih ti saurang lantaran *BS* mangrupa carita nu ngariwayatkeun para pamingpin Sumedang di jaman baheula. Kalungguhan palakuna aya nu jadi palaku protagonis, aya nu jadi palaku antagonis.

Upama ditilik tina warna watek palaku, aya palaku nu miboga watek buleud, aya ogé nu miboga watek datar.

Latar tempat jeung latar waktu dina *BS* diolah ku pangarang nepi ka ngagambarkeun latar nu luyu jeung kanyataan. Latar tempat nu digambarkeun ku pangarang sacara geografis aya dina kanyataan. Latar tempat nu kacatur di antarana ngaran-ngaran patempatan, imah, leuweung-leuweung, masjid, jeung warung. Latar waktu nu digunakeun ku pangarang aya nu dijéntrékeun aya ogé nu henteu. Aya nu dipondokkeun aya nu dipanjangkeun.

Gaya basa nu digunakeun ku pangarang dina *BS* di antarana nya éta eufemisme, litotés, pléonasme, hiperbol, simile, jeung sarkasme

Hubungan antarunsur dina *BS* raket patalina antara (1) hubungan téma jeung galur, (2) hubungan téma jeung palaku, (3) hubungan téma jeung latar, (3) hubungan galur jeung latar, jeung (4) hubungan palaku jeung latar.

Dina *BS* aya sawatara palaku jeung tindakan nu bisa disawang sacara semiotik. Tanda nu mangrupa indéks ngaran palaku jeung tindakan palaku dina *BS* bisa dima'naan dina tataran kabahasaan jeung tataran mitis.

Babad nu dijadikeun bahan pembelajaran sastra sakuduna diwanohkeun wangun aslina. *BS* mangrupa salah sahiji babad nu bisa dijadikeun alternatif bahan pembelajaran sastra di SMA. Bahan pembelajaranana bisa dicokot tina épisode-épisode nu aya dina *BS* diluyukeun jeung tujuan pembelajaran.

5.2 Saran

Tina ieu panalungtikan aya sababaraha saran nu bisa ditepikeun nya éta saperti ieu di handap.

- 1) *BS* bisa ditalungtik pikeun kapentingan paélmuan séjén, saperti panalungtikan historiografi.
- 2) Unsur-unsur dina *BS* bisa ditalungtik kalawan maké pamarekan satruktur nu séjén saperti pamarekan struktur naratif Pladimir Vropp atawa A.J. Greimas.
- 3) Pikeun kapentingan bahan pembelajaran, sakuduna *BS* dicitak ulang dumasar kana épisode-episodena. Ieu hal téh bakal mantuan guru dina enggoning milih bahan pembelajaran.
- 4) Bahan pembelajaran *BS* bisa ditepikeun gumulung dina sababaraha kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.